Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (53 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (53 KB)

# ZÚLFIYa ATÍNDAǴÍ MÁMLEKETLIK SÍYLÍQ PENEN SÍYLÍQLAW HAQQÍNDA

Elimizde qádirdan hayalǵa múnásip húrmet-izzet kórsetiw, olardıń jámiyetimizdegi ornı hám abıroyın arttırıw, salamat hám bárkamal áwladtı kámalǵa keltiriw, óziniń talantı hám ibratlı isi menen jaslarǵa órnek bolıp kiyatırǵan qızlardı xoshametlew maqsetinde hám Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń «Zulfiya atındaǵı Mámleketlik sılıǵın shólkemlestiriw boyınsha usınıslardı qollap-quwatlaw haqqında»ǵı 1999-jıl 10-iyundegi PP-2326-sanlı hám «hayal-qızlardı qollap-quwatlaw hám shańaraq institutın bekkemlew tarawındaǵı jumıstı túp-tiykarınan jetilistiriw ilajları haqqında»ǵı 2018-jıl 2-fevraldaǵı PP-5325-sanlı Pármanlarına tiykarlanıp:

Ózbekstan hayal-qızlar komiteti janındaǵı Zulfiya atındaǵı
Mámleketlik sılıq komissiyasınıń Qaraqalpaqstan Respublikası, wálayatlar hám Tashkent qalasınıń talantlı qızların ayrıqsha minez-qulqı, talantı, zeyinliligi, intalılıǵı, oqıwdaǵı tabısları hám bilimlendiriw, ilim, ádebiyat, mádeniyat, kórkem óner, sport tarawlarında hám jámiyetlik jumıslarda erisken ayrıqsha jetiskenlikleri ushın Zulfiya atındaǵı Mámleketlik sılıq penen sılıqlaw haqqındaǵı usınısları qosımshadaǵı dizimge muwapıq maqullansın.
Zulfiya atındaǵı Mámleketlik sılıq penen sılıqlanǵanlarǵa 8-mart – Xalıqaralıq hayal-qızlar bayramına baǵıshlap ótkeriletuǵın saltanatlarda diplomları hám kókirek belgileri tapsırılsın.
Ózbekstan Respublikası qarjı ministrligi Zulfiya atındaǵı Mámleketlik sılıq laureatlarınıń hár birine eń kem aylıq miynet haqınıń 50 esesi muǵdarında aqshalay sılıq beriliwin támiyinlesin.
ózbekstan Milliy málimleme agentligi, ózbekstan Milliy teleradiokompaniyası hám basqa da ǵalaba xabar qurallarına Zulfiya atındaǵı Mámleketlik sılıq iyeleriniń ibratlı isi, olardıń talantı menen erisken jetiskenliklerin keńnen sáwlelendirip barıw usınıs etilsin.
Usı qarardıń orınlanıwın qadaǵalaw ózbekstan Respublikası Bas ministriniń orınbasarı T.Narbaevaǵa júklensin.

Ózbekstan Respublikası

Prezidenti Sh.MIRZIYOEV

Tashkent qalası,

2018-jıl 2-mart

* * *

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń
2018-jıl 2-marttaǵı
PQ-3581-sanlı qararına qosımsha

Zulfiya atındaǵı Mámleketlik sılıq penen sılıqlanǵanlar

DIZIMI

Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha:

Jollıbaeva Shahodat Kuralbay qızı
– Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutınıń 2-basqısh studenti
Utemuratova Nargiza Alievna
– Nókis mádeniyat hám kórkem óner kolledjiniń 2-basqısh oqıwshısı

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*

Izlew

Vazirlar Kengashi Statistik va tahliliy ma'lumotlar Vazirliklar va idoralar Shahar va tuman hokimliklari Hujjatlar Respublika mehmonlariga Elektron hukumat Interaktiv davlat

xizmatlar